

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan nyaéta pamarekan sistematis pikeun ngumpulkeun, ngulik, jeung nginterpretasi data sangkan ngajawab patalékan panalungtikan (Singarimbun & Effendi, 1995, kc. 1). Dina panalungtikan kudu ngagunakeun pamarekan jeung métode. Pamarekan anu digunakeun dina naskah drama “Buuk Seuneu” nyaéta pamarekan kualitatif.

Nurutkeun Abdussamad (2021, kc. 30) panalungtikan kualitatif mangrupa salasahiji pamarekan anu oriéntasina kana fénoména atawa gejala anu sipatna alami. Satuluyna Bogdan jeung Taylor (dina Abdussamad, 2021, kc. 30) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan tina paripolah jalma anu ditalungtik, pamarekanana diarahkeun kana latar jeung individu sacara holistik. Kirk jeung Miller ogé nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa tradisi dina ilmu pengetahuan sosial anu sacara fundamental gumantung kana panalungtikanna ka manusa dina wilayahna sorangan jeung aya patalina jeung jalma-jalma nu tangtu dina basa jeung istilahna (Abdussamad, 2021, kc. 30)

Tina pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa pamarekan pikeun meunangkeun data deskriptif, boh sacara lisan boh tulisan anu maluruh kagiatan manusa. Sajalan jeung pamadegan Nana Syaodih (dina Utami spk., 2021, kc. 4) anu nétélakeun yén panalungtikan déskriptif kualitatif nyaéta ngadéskripsikan jeung ngagambarkeun fénoména-fénoména anu aya, boh anu sipatna alamiah boh jieunan manusa, anu leuwih merhatikeun ngeunaan karakteristik, kualitas, jeung silih pakaitna antar kagiatan. Salian ti ngagunakeun pamarekan, ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode nyaéta métode déskriptif.

Irma Kumala Hamidah, 2024

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA KANA NASKAH DRAMA BUUK SEUNEU KARYA ÉRIYANDI BUDIMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Métode déskriptif nyaéta salasahiji métode panalungtikan anu ditunjukkeun pikeun nyieun déskripsi sacara sistimatis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu (Tanjung & Nababan, 2016, kc. 39). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis anu tujuanana pikeun medar sacara jelas hasil panalungtikan nu geus dipigawé. Nurutkeun Ratna (dina Maulana, 2019, kc. 65) métode déskriptif analisis nyaéta ngadéskrripsikeun fakta-fakta nu aya dina carita, tujuanna pikeun meunangkeun unsur-unsur data anu satuluyna dianalisis. Analisis anu digunakeun dina ieu métode ngaliwatan téhnik kajian pustaka.

3.2 Désain Panalungtikan

Dina lumangsungna panalungtikan, tangtu diperlukeun rarancang kagiatan nu rék dilaksanakeun ku panalungtik. Désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif jeung pamarekan kualitatif. Panalungtik ngagunakeun ieu métode lantaran dianggap rélevan dina prosés meunangkeun data jeung mantuan panalungtik dina ngadéskrripsikeun kaayaan anu sipatna faktual ngeunaan struktur carita, struktur naskah drama, jeung psikologi sastra dina naskah “Buuk Seuneu”.

Dina ieu panalungtikan dilaksanakeun sawatara kagiatan, diantarana: 1) tahap tatahar, 2) tahap ngumpulkeun data ngaliwatan tahap maca naskah drama “Buuk Seuneu” jeung studi pustaka, 3) tahap ngolah data ku cara nganalisis data dumasar kana struktur carita, struktur naskah drama, jeung nyieun kacindekan psikologi sastra tina data nu aya, sarta 4) nyusun laporan.

Desain panalungtikan nu dilaksanakeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka atawa kajian pustaka. Sacara umum, kajian pustaka didéfinisikeun salaku ringkesan nu dicangking tina hiji sumber bacaan anu aya patalina jeung bahasan panalungtikan (Ridwan spk., 2021, kc. 44). Dikutip ti Muannif Ridwan, Randolf (2009)

nétélakeun yén “*As an information analysis and synthesis, focusing on findings and not simply bibliographic citations, summarizing the substance of the literature and drawing conclusions from it*”. Kajian pustaka nyaéta gabungan antara hasil analisa jeung sintesa informasi anu museur kana timuan, diringkes tuluy dicokot kacindekana. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu bisa ngawewegan kana ieu panalungtikan.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) maca buku, jurnal, artikel, jeung karya tulis séjénna nu aya patalina jeung struktural sarta psikologi sastra;
- 2) nangtukeun sumber data nyaéta naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman; jeung
- 3) maca kritis sumber data anu jadi bahan panalungtikan, nyaéta naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis data anu disaluyukeun jeung panalungtikan kualitatif, nyaéta ngagunakeun analisis induktif anu nekenkeun kana kualitas jeung hasil panalungtikan nu nyoko kana ma’na tibatan generalisasi kana obyék panalungtikan. Analisis data mangrupa tarékah pikeun medar wangun tina panalungtikan anu dipigawé jadi bagéan-bagéan nepi ka susunan atawa éta wangun anu dipedar téh katingali jelas jeung bisa dicokot ma’nana (Strauss & Corbin, 2003, kc. 164).

Hal anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur anu ngawengku téma jeung fakta carita, sarta psikologi sastra anu ngagunakeun tiori Sigmund Freud ngeunaan struktur kapribadian (*id, ego, superego*), jeung tiori kapribadian psikoanalisis anu aya dina caritaan naskah drama *Buuk Seuneu* nu ngawengku tiori ngimpi jeung *alam bawah sadar*. Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan dipigawé ku cara maca naskah drama *Buuk Seuneu* karya Ériyandi Budiman, nyatet dialog saluyu kalawan indikator nu geus dicangking salaku data panalungtikan, data anu dicangking terus dianalisis ngagunakeun ulikan struktural jeung ulikan psikologi sastra anu diébréhkeun ku para ahli, hasil analisis terus dicatet kalawan ngagunakeun catetan déskriptif.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Ayana instrumén panalungtikan mangrupa bagéan anu integral sarta kaasup kana komponén métodologi panalungtikan lantaran instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, mariksa, jeung ngulik hiji pasualan anu keur ditalungtik (Nasution, 2016, kc. 63). Instrumén panalungtikan bisa dihartikeun ogé salaku alat pikeun ngumpulkeun, ngolah, nganalisa jeung maluruh data-data sacara sistematis sarta obyektif kalawan tujuan matotoskeun hiji pasualan.

Nurutkeun Nana Sujana jeung Ibrahim (dina Nasution, 2016, kc. 65), pikeun ngahasilkeun data nu akurat, salasahiji hal nu kudu diperhatikeun dina nyusun instrumén panalungtikan nyaéta instrumén kudu miboga tingkat objektivitas nu hadé jeung kudu babari digunakeun. Ku kituna, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital, sangkan dina ngumpulkeun datana babari dipikaharti jeung akurat. Instrumén kartu data digunakeun dina nganalisis struktur jeung psikologi sastra nu aya dina naskah *Buuk Seuneu*, anu kabagi jadi dua, nyaéta 1) instrumén ngumpulkeun data; jeung 2) instrumén ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data ngagunakeun tabél, sangkan data anu dicangking leuwih jéntré. Ieu di handap mangrupa tabél pikeun cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3. 1
Struktur Carita (Téma)

No	Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 2
Fakta Carita (Galur)

No	Galur	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 3
Fakta Carita (Tokoh/Karakter)

No	Tokoh/Karakter	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 4
Fakta Carita (Latar)

No	Latar (Tempat, Waktu, Suasana)	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 5
Struktur Naskah Drama
(Babak, Adegan, Dialog, Prolog, Épilog, Solilokui, Aside)

No	Struktur Naskah Drama	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 6
Data Cutatan Tiori Kapribadian Psikoanalisis

No	Tiori Kapribadian Psikoanalisis	Cutatan	Kode Data

Tabél 3. 7
Data Cutatan Struktur Kapribadian

No	Struktur Kapribadian	Cutatan	Kode Data

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data ngagunakeun kartu data digital. Ieu kartu data digunakeun pikeun mindahkeun data nu geus aya sangkan leuwih babari dina prosés nganalisis jeung ngolah data. Ieu di handap mangrupa kartu data anu nuduhkeun cutatan-cutatan dina ieu panalungtikan.

1) **Kartu Data Analisis Struktur Carita**

Tabél 3. 8

<p>Kode Data:</p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis: (Téma)</p> <p>Kaca:</p>
--

Kartu Data Téma

Tabél 3. 9

<p>Kode Data:</p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis: (Fakta Carita: Galur, Tokoh/Karakter, Latar)</p> <p>Kaca:</p>
--

Kartu Data Fakta Carita (Galur, Tokoh/Karakter, Latar)

2) **Kartu Data Analisis Struktur Naskah Drama**

Tabél 3. 10

Kartu Data Struktur Naskah Drama

<p>Kode Data:</p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis: (Struktur Naskah Drama: Babak, Adegan, Dialog, Prolog, Épilog, Solilokui, Aside)</p> <p>Kaca:</p>
--

(Babak, Adegan, Dialog, Prolog, Épilog, Solilokui, Aside)

3) **Kartu Data Analisis Psikologi Sastra**

Tabél 3. 11
Kartu Data Tiori Kapribadian Psikoanalisis

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (<i>Alam Bawah Sadar</i>)
Kaca:

(Alam Bawah Sadar)

Tabél 3. 12
Kartu Data Tiori Kapribadian Psikoanalisis

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (Tiori Ngimpi)
Kaca:

(Tiori Ngimpi)

Tabél 3. 13
Kartu Data Struktur Kapribadian (Id)

Tabél 3. 14

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (<i>Ego</i>)
Kaca:
Kaca:

Kartu Data Struktur Kapribadian (Ego)

Tabél 3. 15
Kartu Data Struktur Kapribadian (Superego)

Kode Data:
Cutatan:
Analisis: (<i>Superego</i>)
Kaca:

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Aya dua hal anu perlu dipaluruh sangkan panalungtikan nu dihasilkeun rélevan nyaéta data jeung sumber data panalungtikan.

3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hal-hal anu ditalungtik tina naskah drama “Buuk Seuneu” karya Ériyandi Budiman nyaéta struktural anu ngawengku struktur carita jeung struktur naskah drama; sarta psikologi sastra anu ngawengku psikoanalisis jeung tiori kapribadian psikoanalisis.

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Buuk Seuneu” karya Ériyandi Budiman. Ieu naskah drama téh mangrupa naskah pinunjul harepan II dina saémbara ngarang naskah drama Sunda PP-SS (Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda) di taun 2007 anu dibukukeun jadi hiji buku kumpulan naskah drama Sunda anu judulna “Jeblog” . Salian ti naskah, tangtuna aya sagala rupa référénsi tina buku, jurnal, artikel, jeung sajabana anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.5.2.1 Naskah Drama

1) Idéntitas Naskah Drama Buuk Seuneu


Judul : “Buuk Seuneu”

Pangarang : Ériyandi Budiman

Taun dijieun : 2008

Kandel buku : Kandel buku (228), Kandel naskah drama (37)

Jilid Buku :



Warna jilid buku nyaéta bulao, ukuran bukuna A5 (14.85 x 21 cm). Déskripsi tina jilid buku di antarana: bagéan luhurna aya katerangan ngaran-ngaran pangarang, nyaéta Nazaruddin Azhar, Arma Djunaédi, Dhipa Galuh Purba, Tatang Sumarsono, jeung Ériyandi Budiman. Di tengah jilid aya judul “Jeblog” anu dicokot tina naskah drama pinunjul ka-1 karya Nazaruddin Azhar. Di handapeun judul aya katerangan “Kumpulan Naskah Drama Sunda”, lantaran ieu buku téh mangrupa kumpulan sababaraha naskah drama Sunda nu jadi pinunjul dina saémbara ngarang naskah drama PP-SS. Saterusna aya gambar siluét sababaraha urang nu keur nunjuk ka jelema nu keur diuk. Éta gambar téh dicokot tina jilid naskah drama Jeblog karya Nazaruddin Azhar nu mangrupa pinunjul ka-1. Di handap gambar aya tulisan “Pinunjul Saémbara Ngarang Naskah Drama PP-SS”, maksudna dina mangsa harita téh mémang aya saémbara nu diayakeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS) dina taun 2007. Di handap jilid aya katerangan “Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda”, mangrupa hiji komunitas atawa kumpulan sastrawan Sunda. Ngaran ieu komunitas téh asalna nyaéta Paguyuban Pangarang Sastra Sunda, ngadeg dina taun 60-an. Kagiatanana nyaéta ngumpul, nyieun karya, jeung ngayakeun sawala.

Jilid Naskah Drama :



Buuk seuneu mangrupa bagéan tina buku kumpulan naskah drama Sunda “Jeblog” dina kaca 190-228. Warna jilid naskah drama nyaéta hideung, ukuran naskah drama sarua jeung ukuran buku nyaéta A5 (14.85 x 21 cm). Déskripsi tina jilid naskah drama di antarana, bagéan luhur jilid aya katerangan “Kumpulan Naskah Drama Sunda”. Di tengah jilid aya judul naskah Drama “Buuk Seuneu”, satuluyana aya gambar siluét sababaraha jalma nu keur keur nunjuk

Irma Kumala Hamidah, 2024

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA KANA NASKAH DRAMA BUUK SEUNEU KARYA ÉRIYANDI BUDIMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ka jelema nu keur diuk, sarua jeung gambar dina jilid bukuna. Di handapeun gambar aya katerangan pangarang naskah drama Buuk Seuneu nyaéta Ériyandi Budiman. Di handap jilid aya katerangan “Pinunjul Harepan II”, lantaran ieu naskah Buuk Seuneu téh mangrupa pinunjul harepan II dina saémbara ngarang naskah drama PP-SS. Satuluyna aya katerangan “Saémbara Ngarang Naskah Drama Sunda”. Anu pangahirna aya katerangan “Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda”.

2) Ringkesan Naskah Drama Buuk Seuneu

Carita dimimitian ku ayana hiji tokoh nu ngaranna Panji Tengkorak, nu keur nyenyéréd tambéla bari monolog. Eusi monologna nyaéta ngeunaan mikameumeut jeung mikararay bébénéna. Terus pindah latar ka warung sorabi Téh Inong, anu katangan artis geulis ngaranna Éva Maria nu geus jadi langganan jajan sorabi ka dinya. Éva Maria mangrupa artis dangdut nu geus mindeng katohyan nikah siri, ayeuna nu kasapuluhkalina rék nikah siri jeung pangusaha asal Malaysia. Kabeneran ayeuna téh manéhna meunang projék sinétron Radén Déwi Sartika. Ku kituna, pingpinan rédaksi warta *infotainment* nitah hiji wartawan nu ngaranna Nagun jeung asistén diréksi nu ngaranna Wéni pikeun ngaliput Éva Maria nu keur *shooting* munggaran sinétron Radén Déwi Sartika di Sumedang. Anu kabeneran Wéni nu mangrupa asistén diréksi téh padumukanana di Sumedang.

Di imah kulawarga Wéni, kolotna, nyaéta Haji Romli jeung Hajah Malati, adina nyaéta Inong jeung Ita keur ngumpul, ngomongkeun Ustad Jéfry nu bogoheun ka Wéni anu sok nginjeuman buku ka Haji Romli sangkan bisa ngadeukeutan jeung manggihan Wéni ka imahna. Terus datang Weni jeung Nagun nu rék mondok di imah Wéni salila kagiatan ngaliput di dinya. Isukna, di tempat *shooting* para kru sinétron keur saribuk, Nagun jeung Wéni ogé nyampak keur ngawawancara produser jeung Éva Maria. Eusi wawancara ka produser ngeunaan udagan nyieun sinétron Radén Déwi Sartika jeung ajén-ajén atawa hal penting anu hayang ditepikeun ka pamiarsa. Sedengkeun wawancara ka Éva Maria ngeunaan karakter tokoh anu diperankeunana jeung pasualan dina merankeun éta tokoh.

Di warung sorabi Inong, loba nu daratang jajan. Aya sababaraha urang nu mirip artis-artis Indonésia saperti Ariél Peterpan, Ian Radja, Ahmad Dani Déwa,

Aming Extravaganza, Tora Sudiro, jeung Darso. Aya ogé turis Arab, jalma dangdanan badut, Hanoman, Cépot, jeung Srikandi. Di dinya Hanoman nyarita ka Cépot ngeunaan manéhna téh geus ratusan taun dititah ku Prabu Rama néangan Déwi Sinta nu diculik Rahwana. Dibales ku Cépot nyarita ka Hanoman, tujuan ka dinya téh pikeun nganteur Nyai Srikandi anu keur nyiram hayang sorabi. Terus datang Ustad Jéfry anu nyampeurkeun Hanoman jeung Cépot, sangka manéhna mah Hanoman jeung Cépot téh karék balik péntas lantaran kacirina maraké kostum tokoh pawayangan, padahal mah bulu Hanoman jeung beungeut beureumna Cépot téh asli nyatana. Inong jeung Ita nu naringali ti kajauhan ogé aranéheun nepi ka teu bisa ngabédakeun dunya nyata jeung dunya hayalan, geuning dunya pawayangan téh mémang aya. Ningali loba jalma, Ustad Jéfry ngajak ka nu aya di dinya sangkan ngadémo ka lokasi *shooting* sinétron Radén Déwi Sartika, lantaran manéhna teu panuju dina pilem tokoh nasional aya salasahiji tokoh anu diperankeun ku artis lieur nyaéta Éva Maria. Harita, anu satuju milu démo nyaéta Hanoman jeung Cépot.

Dina wanci sareupna, Haji Romli nampa telepon anu ménta tulung nyageurkeun nu kasurupan di lokasi *shooting*. Kapeutingnakeun, Haji Romli, Ustad Jéfry, jeung Nagun datang ka lokasi *shooting*, singhoréng nu kasurupan téh nyaéta Éva Maria. Harita kénéh Éva Maria anu kasurupan langsung diubaran ku Haji Romli. Ustad Jéfry anu asalna aya niat rék ngadémo ka éta lokasi *shooting*, sanggeus ningali kajadian kitu mah, Ustad Jéfry ogé jadi merod lantaran sieuneun.

Dina wanci janari leutik, jalma-jalma tinggorowok “kahuruan” bari mamawa obor. Katingali Hanoman luluncatan dina seuneu, buntutna dipaké nyundut naon baé anu kapanggih di tempat *shooting*. Di dinya Ustad Jéfry katempo ngagakgak sabari ngeprokan Hanoman. Katingali ogé Hanoman ngagajleng ti imah Haji Romli mawa Inong nu geus kapiuhan, pikir Hanoman mah Inong téh mangrupa Déwi Sinta lantaran kageulisanna mirip jeung Déwi Sinta. Di dinya Éva Maria lulumpatan diudag Si Cépot, Garéng, jeung Badut. Weni jeung pelayan warung sorabi ogé diudag ku tujuh buta nu mawa gada jeung ninja nu nguwak-ngawik pedang nepi ka kabéh jalma nu tarung di dinya ampir maraot, kaasup Wéni jeung Éva Maria nu maot sanggeus kasabet pedang jeung kateunggeul gada.

Di tempat séjén, di leuweung geledegan, Hanoman tarung jeung Sugriwa ogé Sugali nu mangrupa punggawana Prabu Rama, lantaran Hanoman teu nurut kana paréntah Prabu Rama anu nitah malikkeun Inong lantaran Hanoman geus katipu ku Rahwana nyababkeun manéhna sasar lampah. Satuluyna datang Ustad Jéfry anu ganti jinis jadi Rahwana maéhan Sugriwa, Sugali, jeung Hanoman nepi ka neumbrag Sri Rama anu keur semédi. Terus Sri Rama jeung Rahwana tarung. Ahir carita, Sri Rama mulangkeun Inong ka imahna. Katingali ogé Panji Tengkorak nu keur mangku mayit Éva Maria, terus ditunda kana tambélana. Teu kungsi lila, manéhna terus nyényéréd tambélana.

3.5.2.2 Biografi Pangarang



Ériyandi Budiman dilahirkeun di Tasikmalaya, 2 Maret 1966. Ériyandi Budiman téh alumnus jurusan *Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia*, FPBS, IKIP (UPI) Bandung. Ériyandi Budiman mangrupa seniman anu rancagé, anjeunna nulis puisi, carita pondok, éséy, feature, laporan jurnalistik, naskah drama, carita humor, malah mah jadi éditor buku jeung sutradara téater jeung sinétron. Anjeunna ogé sok ngalukis, nyieun seni instalasi, maén biola, nabeuh jimbé, jadi kaméramén televisi, *event organizer* lomba nyanyi dangdut, jeung juri lomba katégori SMP dina “Lomba Kreativitas Menulis se-Bandung Raya 2015” di Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat (BBPJB) pikeun siswa SD, SMP, SMA, Mahasiswa, jeung Guru. Ieu seniman rancagé téh ngabogaan loba ngaran panggung, nepi ka pernah ngajabat jadi diréktur hiji panerbitan di sagigireun anjeunna jadi kurator seni rupa di Bandung.

Sababaraha karya-karya Ériyandi Budiman diapungkeun di harian *Pikiran Rakyat*, *Bandung Pos*, *Galamedia*, *Kompas*, *Suara Pembaruan*, *Koran Tempo*, *Tabloid Galura*, *Majalah Manglé*, *Cupu Manik*, *Majalah Sastra Horisan*, *Jurnal Ulumul Qur’an*, *Jurnal Kalam*, jeung sajabana. Sajak-sajakna dikumpulkeun dina antologi, di antarana *Tangan Besi* (Forum Sastra Bandung), *Nafas Gunung* (Sanggar Sastra Tasik), *Poligami* (SST), *Muktamar* (SST), *Bandung dalam Puisi* (Yayasan Jendela Seni Bandung), jeung *Di Atas Viaduct* (Forum Sastra Bandung). Bukuna nu geus medal, di antarana *Sayap Sorga* (Magma Insan Prima), *Novel*,

Film, jeung *Ekranisasi* (Theme 76 Bandung), *Seni Rupa Nusantara* (Wahana Iptek Bandung), sarta sababaraha buku pangajaran Basa jeung Sastra Sunda ogé Bahasa dan Sastra Indonesia (terbit ku Wahana Iptek Bandung, Sarana Panca Karya, jeung sajabana).

Carita pondokna medal dina kumpulan cerpen *Perempuan Berbibit Kupu-kupu* (Sanggar Seni Tirtasasri & Latifah, Bandung), jeung kumpulan cerpen *Anugerah Horison 2004/2005*. Novelna dina taun 2019 “Amora Magma” jadi novel anu kapilih pikeun dibahas dina *Banjarbaru’s Rainy Day Literary Festival 2019*. Salian ti jadi seniman, Ériyandi Budiman bisa jadi panyair, pangarang, atawa panulis. Ku kituna, masih loba kénéh karya-karya meunang Ériyandi Budiman nu geus medal, nepi ka teu bisa ditataan hij-hiji.